Cak Nun : Madura juga, Madura juga, nyuwun sewu yo pak yo... aku tak mlaku-mlaku, cekno arek-arek kono ketok yo...

Jamaah Maiyah : Nggih... (tepuk tangan)

Cak Nun : Aku cidek Mirel iki wangine nemen soale

Jamaah Maiyah : Hahaha

Cak Nun : Engko-engko nduk yo... jarno ae cekno dadi pandheng-pandhengan...salam satu jiwa ngono iki...

Jamaah Maiyah : Hahaha

Cak Nun : Lha iki, bingung pak Bupati ..babah

Jamaah Maiyah : Hahaha

Cak Nun : Oke..sebelumnya saya jelasin dulu, sebelum yang tadi ya...pak Bupati beliau ini kemarin, datang di acara kita di Sumber Brantas, kemudian ribut arek-arek, akhire tak kongkon munggah, terus...terus ternyata beliau itu ahli lingkungan hidup..ya?.. dek e ngerti banyu (tepuk tangan dari Jamaah maiyah) ngerti tanaman, ngerti ekologi dan seterusnya terus Bu Walikota mengatakan kepada saya, “Cak ketok e iku tamatan sarjana fakultas opo ngunu...” terus aku takon ternyata gak, mek tamat SMP ya... tamat SMP..ngunu yo... tapi dia mengerti, jadi ngerti banyak hal mengenai tanaman dan punya rekomendasi dan saran yang sangat bagus, misale nek adus ojok dibuak banyune... adus tampungan nang ember maringunu gae siram-siram tanduran... ya... terus koen tuko

jawawut ndek pasar limangewu ya... ojo kliru lho, jawawut lho yo..engkok...engkok kliru

Jamaah Maiyah : Hahaha

Cak Nun : Jawawut iku duduk sing jrawut-jrawut.... wong dasare arek Jember Utara koen iku wes..wess...

Jamaah Maiyah : Hahaha

Cak Nun : Buak en ndek kebune sopo, ndek dalan, ndek pinggire dalan, engko cokol-cokol ndek alas, ndek endi buak en winih-winih iku, opo??

Jamaah Maiyah : Mengurangi hama...

Cak Nun : Mengurangi hama, ngurangi dapurmu iku yo..

Jamaah Maiyah : Hahaha

Cak Nun : Koen rodok hama koen

Jamaah Maiyah : Hahaha

Cak Nun : Ojok muring-muring rek, nek gak iso guyon kon pindah pasopati ae gak usah Arema

Jamaah Maiyah : Hahaha

Cak Nun : Yo nek Aremania atine polos... guyon gak masalah mergo wes dulur kan satu jiwa

Jamaah Maiyah : (tepuk tangan)

Cak Nun : Nah terus arek-arek mempersoalkan pak Bupati, arek mempersoalkan , lho yak opo se, onok wong opo, koen ngarani ngene iki opo?

Jamaah Maiyah : Wandu...waria...

Cak Nun : Onok, heh? Opo?

Jamaah Maiyah : Perawan tuek...

Cak Nun : Yo ojok perawan tuek ta rek... nyuwun sewu yo,, Rel...ojok muring-muring onok sing ngarani wandu, onok sing ngarani waria, onok sing ngarani.... Wes sak karepe tapi pokoknya kemarin di Sumber Brantas sudah kita nyatakan tidak ada tuntunan di dalam Al Quran, Hadist, ataupun sunnah mengenai waria, ya.... Bahasa Arabnya waria adalha “khuntsa”... khuntsa.. qa’, nun, tsa’, ya’...ya’ ngadek utowo ya’...ya’ turu yo... nek iki senengane turu digae sing ngadek, kan ngenakan...

Jamaah Maiyah : Hahaha

Cak Nun : Cerdas aku, yen enek arek iki cerdas aku... oke yo, maka kalau sesuatu tidak ada petunjuknya dari Allah berarti dia adalah urusan Allah, koen ojok melok-melok, hubunganmu koyok wong dek e iki sederhana. Sing penting gak nyolong barangmu, koen gak nyolong barange dek e, jelas yo?

Jamaah Maiyah : Nggeh...jelas...

Cak Nun : Interpretasi mengenai barang sak karepmu yo...

Jamaah Maiyah : Hahaha

- Cak Nun : Nomer loro, tidak merendahkan martabat satu sama lain. Koen gak merendahkan dia, dek e yo gak merendahkan awakmu, jelas?
- Jamaah Maiyah : Jelas...
- Cak Nun : Nomer telu, koen gak mateni dek e, dek e gak mateni awakmu. Angger telu iku gak dilakoni maka manusia akan berukhuwah satu sama lain...
- Jamaah Maiyah : (tepuh tangan)
- Cak Nun : Koen jilbaban, aku eroh ta koen sembahyang lima waktu ta gak?
- Jamaah Maiyah : Gak...
- Cak Nun : Lak gak eroh se?... opo aku terus ngarani koen apik mergo jilbabmu tok? Lek gak iso to? Berarti aku lak eroh awakmu...yo to?... masio koen ketok MUI yak opo lek ngawasi dek e sholat lima waktu temen? Gorong meneh sholate khusyuk ta gak... yo? Lak gak iso se... mulane gak usah suudzon kepada siapa saja, ayok khusnudzon sng penting gak ganggu sopo-sopo, gak mateni, gak nyolong gak merendahkan martabat, selebihnya babah-babah... bah rambute dikapakno, babah-babah... (Mirel mengibaskan rambutnya dan di soraki Jamaah Maiyah)
- Jamaah Maiyah : Huuuu... hahaha
- Cak Nun : Jelas yo rek yo? ya... wong koen yo gak eroh, iki makhluk e Allah ta duduk?
- Jamaah Maiyah : Nggih...
- Cak Nun : Dulurmu ta musuhmu?
- Jamaah Maiyah : Dulur...
- Cak Nun : Dulur, ngono yo... dadi uwes gak onok masalah yo... kecobo pas jemuahan dek melbu ngene iki...(Cak Nun memperagakan gaya Mirel) huuaahh...
- Jamaah Maiyah : hahaha...
- Cak Nun : Akhire... khotib e kehilangan konsentrasi ya... ngono yo... jadi asal dia tidak melakukan sesuatu yang negatif secara sosial dan kemasyarakatan ndak ada masalah, iki pilihannya dia kok... dia yakin...nah, makanya ada kasus-kasus dan ada hakekat-hakekat ini ndak mungkin saya jelaskan tapi onok arek sing wandu iku mergo kiwo tengene, nek iki asli (sambil menunjuk Mirel)
- Jamaah Maiyah : Hahaha...
- Cak Nun : Kat lahire ngunu iku dek e... maka di Quran bukan *ya ayyuha nasu inna khalaqnakum min dhakarín wa min mu annatsín* tapi *min dhakarín wa unthaa*, setiap manusia diciptakan dengan kadar kelelakian dan kadar keperempuanan..ya.. kemudian bermacam-macam diantara mereka. Kadar keperempuanan itu ada pada laki-laki apa tidak?
- Jamaah Maiyah : Ada...

Cak Nun : Misale bapak lembut nang anake berarti kadar keperempuanan, betul ndak? Ibuk keras...”ayo ta nak, sekolah gak koen iki” haa iku, lha ku berarti lak perempuan juga punya kadar kelelakian, nah komposisi kelelakian dan kewanitaan pada seseorang berbeda-beda, dia..(menunjuk Mirel) sedang mengalami kesulitan itu

Jamaah Maiyah : hahaha

Cak Nun : Maka kita doakan mudah-mudahan Allah memberikan dia jalan dan petunjuk yang sebaik-baiknya untuk dia

Jamaah Maiyah : Nggih...

Cak Nun : Ngunu yo rek yo...yo ngunu... yo dadi, jelas gak oleh musuhi sopo-sopo yo...

Jamaah Maiyah : Nggeh...

Cak Nun : Oke, key... jadi saya menjelaskan ini pak (sambil menghadap ke Bapak bupati Malang) supaya sampean tidak bingung saya jejerkan dengan mbak Mirel.... Endi arab e iki (menunjuk ke penonton) iki langsung iki lho... iki ojok delok kene koen delok rono yo (sambil menunjuk Mirel).. he’e... delok kene iki aku eroh sing di sir, aku eroh sing di sir

Jamaah Maiyah : Hahaha

Cak Nun : Awas-awase matane iki lho ya..delok ae..kene iki gak iling..iki sing delok (menunjuk ke salah satu Jama’ah Maiyah) wes gapopo wes Bismillah wes...yo ngunu yo rek yo...terus... ngene... kita teruskan yang tadi opo seh rek sampek aku lali temane

Jamaah Maiyah : Hahaha

Cak Nun : Wes gara-gara diapurmu, aku lali kabieh...

Jamaah Maiyah : Hahaha

Cak Nun : Maiyahan mulai lali temane terakhir mau opo rek? ...

Jamaah Maiyah : (suara riuh)

Cak Nun : Oke...kemarin di Nganjuk dan sebelumnya dimana ya... (sambil menoleh ke arah Kyai Kanjeng) lali aku gresik mbuh endi, pokok ngene rek, pokokny saya perjanjikan temen-temen dari TNI, temen-temen dari Polisi, dan para pejabat sipil serta rakyatnya untuk memastikan dan bersumpah satu sama lain bahwa di Kabupaten anda ini, tidak akan terjadi pertengkaran-pertengkaran yang tadi digelisahkan oleh Cak Antok yo ta gak? Yo.. gak onok pertengkaran-pertengkaran ndek kene, ndek kono onok Tentara musuh Polisi gelut monggo sak karepmu tapi nang Malang gak. Ngonono yo rek yo

Jamaah Maiyah : Nggeh...

Cak Nun : Ngonono yo

Jamaah Maiyah : (tepu tangan)

Cak Nun : Pokoke Malang kompak kabeh lanang wedok yo to?... enom tuwek kabeh pokoknya...pokoknya di Malang tidak terjadi itu semua... Jakarta bukan urusanmu, wes onok sing ngurus dewe

- dan keseluruhan di Indonesia ini kan kamu juga tidak mampu mengurus, ibarat penyakit koen iso marekno?...
- Jamaah Maiyah : Mboten..
- Cak Nun : Gak iso marekno... makanya tadi saya mengatakan bahwa saya datang di kabupaten-kabupaten ke bawah untuk memastikan rakyatnya kompak satu sama lain menemukan alasan-alasan untuk nyawiji satu sama lain, sehingga saya juga tidak akan memberitahukan apa-apa tentang Jakarta kepada anda. Nek aku kate lapo-lapo neng Jakarta tergantung onok perintah ta gak teko gusti Allah, nek onok perintah aku rono gak atek awakmu aku ijet, tak parani ijet kabeh tak parani ijet,
- Jamaah Maiyah : (tepuh tangan)
- Cak Nun : Ya..dadi aku yo emoh ngejak-ngejak awakmu engko wong awakmu penggaweane yo gak jelas yo to?
- Jamaah Maiyah : Hahaha...
- Cak Nun : Yo timbangane tambah susah wes tak parani dewe, saya tidak butuh pasukan, yo.. karena di Jawa Cak Anto kan ada... ngeluruk tanpo bolo... yo to..sekti tanpo?
- Jamaah Maiyah : Aji...
- Cak Nun : Aji... opo meneh? Menang tanpo ngasorake dadi gak ngelek-ngelek sopo-sopo, berpendapat tok boleh, itupun tidak mesti dikemukakan misale onok arek mrongos yo... umpamane yo... terus kon liwat, arek e liwat, terus kon omong, “ngos nangdi ngos?” entuk ra?
- Jamaah Maiyah : Hahaha
- Cak Nun : Lak gak oleh se?... masio bener to?
- Jamaah Maiyah : Nggeh...
- Cak Nun : Tapi salah secara silaturahmi, lak ngunu a? jadi, di Maiyah anda tahu to... kebenaran bukan segala-galanya, kebenaran harus diuji bahwa dia harus baik keluarnya, kenaikan pun bukan segala-galanya karene keluarnya kebaikan , *output*-nya harus kebijaksanaan, makanya ayatnya *ud’u ila sabili rabbika bil hikmah* bukan *bil khoir* bukan *bil haq* dan seterusnya.
- Cak Nun : Uakeh ayate wis tak omongne bolak-balik ndek endi-endi, gitu ya? Makanya, selalu kita...misalnya gini, nanti kita coba whorkshop ya saya mintak pak...pak Thohir... dari Korem, bapak dari Polres, bapak dari Dandim untuk melihat disipline arek-arek, karena manusia itu...manusia itu punya banyak dimensi dan jangan sampai keliru...misale bokongmu karo raimu penting endi?
- Jamaah Maiyah : Rai...
- Cak Nun : Ojok diwalik, skala prioritas jangan sampek keliru, betul ndak?
- Jamaah Maiyah : Nggih...
- Cak Nun : Sego karo sambel penting endi?
- Jamaah Maiyah : Sego...

- Cak Nun : Laiyo, ojek diwalik, ojek mentang-mentang koen dodol sambel, suembarang kok sambeli, angger onok wong liwat kok sambeli cangkeme lak ngunu ya?
- Jamaah Maiyah : Hahaha
- Cak Nun : Jadi, ada namanya *afdholiyah*, *afdholiyah* itu skala prioritas mengetahui urutan mana yang lebih penting mana yang kurang penting atau *akdamyah* artinya apa yang dikedepankan apa yang dibelakangnya. Jadi, *afdholiyah*, *akdhamiyah* ini jangan keliru, jangan keliru dalam bernegara, di dalam bergaul, di dalam berumah tangga, di dalam kehidupan sosial di sekitarmu jangan sampek keliru skala prioritas atau *akdamyah* atau *afdholiyah* tadi. Nah itu sangat penting sekalian, oleh karena itu, kita coba latihan sekali lagi saya mohon dengan sangat bapak-bapak menilai.
- Cak Nun : Eee... Mas Jijit, Mas Joni nyuwun sewu, (memanggil tim Kyai Kanjeng) sek-sek awakmu apal kabeh yo bareng-bareng... *Audzubillah himinas syaiton nirojim* “annas” *Audzubillah himinas syaiton nirojim Bismillahirrohmanirrohim qul a’uzu birabbin-nās malikin-nās ilāhin-nās min syarril-waswāsil-khannās allāzī yuwaswisu fī ṣudūrin-nās minal-jinnati wan-nās shodaqallahul adzim* maha benar Allah yang membikin Akdamyah urutan pertama harus *rabbinnas* ojek di walik dua baru malikinnas ketiga baru illahinnas, ini ayat untuk pemerintah dan ayat untuk rakyat, ayat untuk kecamatan, kabupaten, untuk keluarga dan untuk apa saja. Jadi, Allah sendiri mengurut nomer satu adalah “robbun” *qul a’uzu birabbinnas* robbun artinya apa?
- Jamaah Maiyah : Pengasuhan...
- Cak Nun : Pengasuhan, kepengasuhan, pengayoman, gitu ya? Pengayoman, sekarang saya Tanya pak Bupati nyuwun sewu, sampean nomer siji nang rakyat sampean iku, sayang ta kuoso ta kuat?
- Bupati Malang : Sayang...
- Cak Nun : Jelas yo... Bapak dari Korem...nomer satu kuat nang arek-arek opo kuoso opo ngayomi?
- Bapak Korem : Ngayomi..
- Cak Nun : Semua dari TNI, dari Polisi dimana-mana kita tanya-tanya nomer satu “ngayomi” koen duwe bojo, duwe anak, nang bojomu nang anakmu koen iku wong sing kuat, sing kuoso, ta sing sayang?
- Jamaah Maiyah : Sing sayang
- Cak Nun : Nah karena ayatnya *qul a’uzu birabbin-nās* ya... ngene lak *malikinnas* iku “mim-e” ngadek “lam-e” ngadek “kaf-e” ngadek yo ta gak? Dadi kuoso, nek “illahinnas” ngadek juga, “alif-e” ngadek “lam-e” ngadek “ha’-e” juga nempel ditempat yang juga berdiri “illahinnas” tapi nek “rabbun” enek sing

ngadek ta gak? *qul a'uzu birabbin-nās* onok sing “rabbun” onok sing ngadek ta gak? “ro’e””alif-e” ditekuk dadi “ro”” ro’ e lak ngene a? (sambil memeragakan) gak ngene (memeragakan tegak lurus) yo..gak koyok koen isuk-isuk iko...

- Jamaah Maiyah : Hahaha
 Cak Nun : Ngene iki yo...
 Cak Nun : Aku delok reaksine Mirel iki lho...
 Jamaah Maiyah : Hahaha...
 Cak Nun : Nyuwun sewu nggeh pak nggeh, kulo rodok ndlodor-ndlodor titik karo arek Aremania gak masalah oke...terus maringunu habis huruf “ro”” apa? Ba’..ba’ iku mek gak nekuk rek, tapi mlumah yo ta gak?
- Jamaah Maiyah : Hahaha...
 Cak Nun : Suenenge karo kata mlumah (sambil menunjuk ke salah satu Jamaah Maiyah)
 Jamaah Maiyah : Hahaha...
 Cak Nun : Meeluuumaahh...
 Jamaah Maiyah : Hahaha...
 Cak Nun : Ya Allah arek-arek yo,,okey ...rab-ba’ koyok perahu titik e ndek nisor sebab nek ndek ndukur engkok ngganjel ndek gegere wong sing numpak, yo ta gak? Mulane titik e ndek nisor “rabbun” nek “nun” titik e ndek ndukur ati-ati koen macem-macem titik kecujes koen engko.
- Jamaah Maiyah : Hahaha...
 Cak Nun : Ngunu yo... ngono dadi aku saiki takon nang ibu-ibu sampean nek ngudang anak iku ciluk..?
- Jamaah Maiyah : Baa...
 Cak Nun : “ba” to..?? sopo sing nguruk i iku biyen? Kok gak ciluk “mim”
 Jamaah Maiyah : Hahaha...
 Cak Nun : Ciluk “to”” lak gak onok, tapi ciluk...?
 Jamaah Maiyah : Ba’...
 Cak Nun : “ba”” dadi “ba”” itu adalah huruf kasih sayang “ro”” adalah huruf kerendahan hati...gelem...ibukne mosok “ayo nak tak gendong kene” terus bayine mencolot ngunu lak gak, lak ngene to de’e? dadi huruf “ro”” to? Yo ta gak?
- Jamaah Maiyah : Nggih...
 Cak Nun : Nah begitulah pak Bupati nang rakyat ngene, ojok de’e ngenteni ngene koyok “illah” karo “malik” terus rakyat sing kon teko gak, bupatine gelem rene, gelem marani, gelem mudun nang dalan gelem jemuahan nang deso-deso lak ngono se ya... iku namanya Bupati “rabbun” makanya kalimatnya sifatnya namanya rubbubi ya...yaitu sifat mengasuh sifat menyayangi nek “malik” sifatnya adalah “mulkiyah” ngerajani, ngeratoni nek “illahun” itu “illuhiyah” atau “illahiyyah”, nggedeni, nguati yo ta gak? Koen oleh kuat tapi

ojok nguat-nguati uwong, koen oleh gede tapi ojek nggedeni uwong ngono ta gak rek? Ngono yo?

Jamaah Maiyah : Nggeh... koen oleh dukur tapi ojek ndukuri..??

Jamaah Maiyah : Uwong...

Cak Nun : Koen oleh ndue ndas tapi ojek ngendas-ngendasi..??

Jamaah Maiyah : Uwong...

Cak Nun : Nah itu semua ajaran Jawa, semua ajaran Jawa, Jawa iku kudune dadi bahasa Indo.. Bahasa Nasional cuman ngalah soale kangelan wong Melayu wong Kalimantan nek ngenggo cara Jowo wes telung macem ya? Bapak-bapak dahar... ibu-ibu nedo...koen..??

Jamaah Maiyah : Mbadok...

Cak Nun : Mbadok, opo meneh?

Jamaah Maiyah : Nguntal...

Cak Nun : Nguntal, ngaku dewe lho pak... njeglak, nyatek, uwalah enek nyatek barang... nah, belok sedikit ke Bahasa Jawa. Bahasa Jawa adalah bahasa kebudayaan dan filsafat yang paling dowo, iso pecah ndase a?... kunduran trek bahasa Indonesiane?

Jamaah Maiyah : Hahaha...

Cak Nun : Kunduran trek, onok bahasa Indonesiane? Onok bahasa Inggris? Nek bahasa Inggris...eee... crash by the truck which is a going back.. adyaahhh.... Opo Jit? Your head

Jijit : Your head employed twenty seven five

Cak Nun : Dowo to nek bahasa Inggris... nek bahasa coro Jowo

Jijit : Ndasmu njebluk ping pitulikur

Jamaah Maiyah : Hahaha...

Cak Nun : Asline bahasa Jawa adalah bahasa kepemimpinan akherat untuk seluruh manusia di dunia.

Jamaah Maiyah : (tepek tangan)

Cak Nun : Nek mek urusan pasar gak perlu coro Jowo gak popo bahasa Melayu urusan politik gakpopo bahasa Melayu, tapi nek nganggo coro Jowo gak kuat nyonggo coro Jowo, karena bahasa Jawa itu luar biasa, luas biasa, yo?

Jamaah Maiyah : (tepek tangan)

Cak Nun : “ketenggengen” bahasa indonesiane?...

Jamaah Maiyah : Hahaha...

Cak Nun : Kami sosolen... “weteng loro” golek o bahasa Arab wes... nek Jowo “suduk en”, “seneb”, “mules”, “mbededek”, “sebah”, “munek-munek”, “ngintir-ntir”, “melilit”, gitu ya, temen-temen sekalan ya... anda orang jowo to?

Jamaah Maiyah : Nggeh...

Cak Nun : Wes..ngalaho karo Indonesia, Indonesia kuwi anakmu, tuwek-tuwek endi Jowo ta Indonesia?

Jamaah Maiyah : Jowo...

Cak Nun : Dadi koen ojek athek mangkel karo Indonesia wong arek cilik, babah-babah...

Jamaah Maiyah : Hahaha...

Cak Nun : Sing penting koen wes tuek wong Jowo sing santun sing bijaksana nang indone?

Jamaah Maiyah : Siaa...

Cak Nun : Wes gapopo sabaro InsyaAllah, suatu hari Allah akan membalik semua keadaan itu, dimana manusia yang tertua, bangsa yang tertua ini akan tetep memimpin seluruh nusantara, aamin ya rabbal alamin... ngono yo rek yo, key... he? Opo rek? Sing banter sing banter

Jamaah Maiyah : Mirell..

Cak Nun : Mirel?? Reell.. iso nyanyi kon?

Mirel : Mboten saget...

Cak Nun : Mboten saget yo..? ngene Rel, iki aku njalok Jid, aku njalok kita cek, bapak-bapak saya mohon untuk menjadi dewan juri dari rakyatnya. Apakah kita melatih betul persatuan arek-arek Malang iki. Kita latih betul persatuannya atine, fikirane, disiplin, kecepatannya, ketangguhannya, semua kita latih bersama-sama tapi bablas sek saiki dirungokno sek, Mirel cek e nyopo pak Bupati dan bapak-bapak lain, ngono yo, gakpopo yo, age, sopoen yo... gakpopo sakkarepmu wes... sopoen sek yo

Jamaah Maiyah : Ayoo Reelll...

Cak Nun : Koen jaluk dikancani sopo?

Mirel : Di kancani taa...

Jamaah Maiyah : Hahaha...huuuu

Jijit : Mbak Mirel, mbak Mirel, halloo...

Mirel : Siapa yaa...

Jijit : Minta ditemenin siapa? Beib..beib..

Mirel : Yo bojo loro ta...

Jamaah Maiyah : Hahaha...huuuuu

Jijit : Beib kene beib..ngadek beib (Mirel memolekkan tubuhnya di depan Jamaah Maiyah)

Jamaah Maiyah : Hahaha...

Jijit : Sek..sek..sek Don...bo..bocah iki saiki lagi viral iki

Doni : Spiral

Jijit : Hee...

Doni : Ngetop yo...

Jijit : Hee.. gaunnya cantik kaos kakik e bal...

Mirel : Hahaha....

Jamaah Maiyah : Hahaha

Jijit : Yo arek Aremania gak popo...

Mirel : Arema reek...emm...

Jijit : Ayo cin..cin...menyapa pak Bupati...

Mirel : Nggeh....

Jijit : Disitu ada pak Anto ... koen lapo ngundur-ngunduri aku

Mirel : Kan ulalap boll...

Jijit : Engko di kiro onok snorkling no...
 Jamaah Maiyah : Hahaha...
 Jijit : Ayo cobak
 Mirel : Sugeng dalu bapak Bupati...njih, sugeng dalu bapak... sinten?
 (bertanya dan menghadap ke Mujib)
 Jijit : He..? yo kenalan..
 Mirel : Bapak sinten? (menuju ke kumpulan para tamu) bapak sinten
 niki sing gondrong manis niki...
 Jamaah Maiyah : Hahaha..huu...hahaha (tertawa melihat tingkah Mirel)
 Cak Anto : Takono arek-arek...sopo rek?
 Mirel : Salaman disiki bapak sinten?
 Cak Anto : Takono arek-arek...sopo rek?
 Mirel : Sopo rek?
 Cak Nun : Mirel... ki mas Anto Baret
 Mirel : Bapak sinten? Anto Dares?
 Jijit : Anto Baret
 Mirel : Aa..Anto sinten?
 Jamaah Maiyah : Baret...
 Mirel : Ngapunten kulo kinten lek Anto dares...
 Jamaah Maiyah : Hahaha
 Mirel : Niki abah sinten ngapunten (bertanya ke salah satu tamu di
 sebelah Anto Baret) sinten? Ooo bapak Bahtir Pujiantoro
 Anto Baret : Loh Bahtir...petir !!
 Mirel : Oh..hahaha... wedi rek engko kwalat rek di sabdo
 Jamaah Maiyah : Hahaha
 Mirel : Ngomong opo maneh yo
 Cak Nun : Beliau dari Korem, bapak Mayor Infantri Tohir...beliau...
 Mirel : Njih, bapak Mayor Infantri
 Cak Nun : Tohir..
 Mirel : Bapak Tohir sinten? Ngapunten nyuwun sewu...
 Doni : Niku nek kurang ajar di ngge ajar titis mawon pak..
 Jamaah Maiyah : Hahaha
 Doni : Hahaha
 Cak Nun : Pak Lurah...Pak Lurah...Pak Lurah...Pak lurah...
 Mirel : Pak Lurah sangking Tambak Asri..nggeh...
 Cak Nun : Bapak-bapak yang lainnya...
 Mirel : Nggeh...
 Cak Nun : Pokok e disalami semuanya nggih...nggih
 Mirel : Lololo... (Gaun mirel tersangkut sehingga terjatuh ketika akan
 bersalaman dengan para tamu)
 Jamaah Maiyah : Hahaha..huuuuu...hahaha
 Mirel : Kesrimpet rek...
 Jijit : Nggaplek i koen iku
 Mirel : Loh lha niki sinten?
 Cak Nun : Jit..jit..Jijit..
 Jijit : Nggeh Cak...

Cak Nun : Kita tidak berniat untuk bersenang-senang tanpa isi
 Jijit : Nggeh
 Cak Nun : Jangan mengalami apapun kalau tidak mendapatkan ilmu dan hikmahNya..ngono yo rek yo..
 Jijit : Nggeh
 Mirel : Njih
 Cak Nun : Masio koen guyon karo Mirel, tapi tetep onok akar dan ilmune, ngunu yo? Dadi, Rel awakmu kudu berkembang, kudu berkembang dibanding yang di Sumber Brantas
 Mirel : Njih
 Cak Nun : Maksudnya ya, awakmu angel golek acara koen iso munggah terus sak karep-karepmu kate jungkir walik, yo ta gak ya? Mergo ndek kene arek-arek Maiyah, arek-arek Aremania iku podho karo arek Maiyah podho ya... kabeh di trimo, dengan syarat yang tadi tiga itu beres to? Gak enek masalah to?
 Mirel : Njih Mbae...
 Cak Nun : Awakmu juga bisa menempatkan diri, terus awakmu merasa yak opo mari ndek Sumber Brantas wingi terus ndek kene iki munggah meneh merasa opo awakmu...perlakuannya anak-anak kita, adik-adik kita, temen-temen kita dibanding diluar dan dimana-mana yak opo kesanmu? Dadi tolong beberapa kesanmu selama ini selama kamu mulai dari Sumber Brantas yang wingi, ngono yo?
 Mirel : Njih..
 Cak Nun : Monggo...
 Mirel : Njih.. Assalamualaikum Warahmatullahi Wabarakatuh...
 Jijit : Rodok nengah sitik
 Jamaah Maiyah : Walaikum Warahmatullahi Wabarakatuh...
 Mirel : Eee... sebenarnya saya sangat berterima kasih sekali..eee.. sudah diterima di panggungnya sinau bareng bersama Abah Nun dan Jamaah Maiyah. selama ini saya secara pribadi dan beserta temen-temen yang lain yang mohon maaf, yang mungkin bisa disebut LGBT, ini memang sangat, eee.. sangat tidak diterima sekali dalam masyarakat dari di *Facebook* pun juga dapat hujat-hujatan macem-macem, dimana-mana kita sudah dilarang untuk acara, acara-acara apa-apa dan macem-macem. Ya memang ..eee...nasibnya LGBT saya mewakili temen-temen dari temen-temen yang lainnya memang kita ...eee... sangat susah sekali mendapatkan penerimaan. Ada intimidasi ada macem-macem dan kita jujur aja menara..eee...merasa sebagai..eee..mohon maaf minoricong ya...
 Jamaah Maiyah : Hahaha
 Mirel : Bukan minoritas kalo, kalo minoritas ..eee...kan biasanya kayak temen-temen yang ...eee... agama-agama lain biasanya minoritas, kalo kita kan minoricong...eemmm...

Jamaah Maiyah : Hahaha
Mirel : Jadi begitu, dan saya sangat berterima kasih sekali kepada saudara-saudara Maiyah jujur saja saya...eee... sekarang merasa punya saudara baru ya... banyak heee...

Jamaah Maiyah : Bertepuk tangan
Mirel : Banyak-banyak temen-temen di *Facebook* yang memang ...eee... nge-add saya terus di *Instagram* juga banyak yang *inbox-inbox* semuanya kepingin kenalan dan semuanya positif, saya senang senang sekali

Jamaah Maiyah : Aamiin...
Mirel : Dan jujur saja saya ini hampir sepuluh tahun tidak...eee... mohon maaf nggeh abah Nun, saya sudah hampir sepuluh tahun sudah tidak berkecimpung...mohon maaf, di arah spiritual keagamaan. Jadi, selama sepuluh tahun lebih saya melampiaskan diri untuk, wes pokok e maksiat tok istilae rusuh-rusuh tok...huuuu mungkin barangkali disini ada sing pernah *inbox-an* ambek aku dan jorok-jorok...

Jijit : Haaaaak...haaaakk...
Jamaah Maiyah : Hahaha
Jijit : Hey...hoho...hek e hek e....
Mirel : Tapi sekarang, yang *inbox* saya Alhamdulillah baik-baik, ada yang memberi kata-kata mutiara ada yang memberi...eee... saya pengarahan untuk saya bertaubat dan macem-macem. Ya mungkin bener kata Abah Nun ya, mungkin saya sedang mencari jati diri dan sedang memilah-milah mana ajaran yang paling tepat untuk saya ikuti untuk saat ini.

Jamaah Maiyah : (tepek tangan)
Mirel : Saya mohon maaf abah Nun saya ini orang ..eee.. mohon maaf KTP saya Islam...ojo takon jeneng reek.. isin aku...

Jamaah Maiyah : Hahaha
Cak Nun : Sek yo, sakdurunge kok terusne ngene yo rek yo, aku ketemu wong koyok awakmu iku wes kat biyen akeh, dan tidak ada satupun yang saya hina, tidak ada satupun yang saya tolak tapi dengan batas yang jelas ya... aku tau yoan dinakali, aku adus diintip yo tau

Mirel : Huuu, huhuhuhu
Jamaah Maiyah : Hahaha
Cak Nun : Yo... yo... awakmu tukuo buku rek, embuh ndek toko buku endi, ada cerpen saya yang berjudul “yang terhormat nama saya” itu salah satunya ada cerita mengenai arek koyok Mirel iki...ya... dan saya tolong dia, saya tolong dia dan tidak memaksa dia jadi apa jadi apa karena ini yang menciptakan Allah bukan saya, jadi saya tidak tau dia ini bagaimana Allah yang tau maka yang saya lakukan hanyalah membantu dia sebagai manusia, menemani dia sebagai manusia,

Jamaah Maiyah : (tepek tangan)

- Cak Nun : Lanang wedok e engkok sek, yo to? Sing penting dek e menungso, nomer loro aku jaluk nang gusti Allah sampean tuntun arek niki cek e saget nemokaken sing paling pas, sing paling apik di gawe awak e karo wong-wong kabeh, ngonten lho ya...
- Jamaah Maiyah : (tepuik tangan)
- Cak Nun : Nah, terus maringono onok sing takon, berarti Cak Nun pro LGBT? Sek... aku gak tau eroh lho, gak tau eroh dek e LGBT an gak eroh aku, gak tau nduwe bukti aku bahwa dia melakukan apa-apa, sing jarene rusuh-rusuh mau gak tau eroh, yo? Jadi, saya tidak bisa menuduh dia apa-apa... ngono lho rek, jadi ojok terus gebyah uyah... ojok gebyah uyah, tidak berarti saya pro dia seperti ini saya suka dan saya setuju, lhoh koen gak melok gawe katek setuju setuju lapo kon?... gak melok gawe... yang membi... dia, dia tidak bisa berlaku selain seperti ini sekarang ini betul gak?
- Mirel : (menganggukkan kepala)
- Cak Nun : Meneng-meneng sing jenenge tobat terus mene koyok sakera, yo gak iso dek e... wong dek e merasa wedok kok, yo ta gak?
- Mirel : Eemmm....
- Jamaah Maiyah : Hahaha...
- Cak Nun : Yo... saya tidak pro,ant... anti pro, kita menemani manusia untuk menemukan yang terbaik dan dibimbing oleh Allah dan maslahat bagi semua orang, ngunu yo? Buktinya masio jek ngene, dek e iso ngandani koen soal banyu, soal weneh, yo ta gak? Soal kembang, kritik dia soal anggrek-anggrek yang sudah tidak tumbuh lagi di Sumber Brantas dan seterusnya, jadi kalimat pertama kemaren kan ada tiga ayat pak kemaren, yang pertama *Laa tahtaqir man...* bukan ayat ini kata-kata mutiara *Laa tahtaqir man duunaka falikulli syai'in mazziyatun* ojok ngenyek sopo ae sing anggepanmu dek e luwih rendah timbangane awakmu mergo setiap apa saja itu punya kelebihan masing-masing. Sak hebat-hebate beras gak iso dadi dadi jagung yo ta gak?
- Jamaah Maiyah : Nggih
- Cak Nun : Sak hebat-hebate garuda gak so dadi cipret, yo to.. sak hebat-hebate manuk gak iso ngelangi yo ta gak? Sak hebat-hebate macan gak iso mlebu lemah koyok cacing, dadi gak iso macan ngenyek cacing, yo ta gak?
- Jamaah Maiyah : Nggeh...
- Cak Nun : Dadi gak onok banyu karo geni ampuh endi? Gak onok, masing-masing punya kelebihan *Laa tahtaqir man duunaka falikulli syai'in mazziyatun* kan gitu? Nah itu salah satu yang kita bahas kemarin, oke terusno, ojo patek dowo-dowo yo, nek iso nyanyi Alhamdulillah nek gak iso nyanyi awakmu sing

bagian joget karo arek-arek, ngono yo? Key, kita puncak i dengan satu nomer sek, dipilih sek lagune

Jamaah Maiyah : Suket teki...

Mirel : Gak iso nyanyi reek....

Cak Nun : Gak, arek-arek sing nyanyi, ambyar iku lagu opo rek?

Jijit : Anu, niko lagu bangsa akuatik meniko (menunjuk ke Mirel)

Mirel : Hihihihihhi

Jijit : Lagunya mereka-mereka ini, ambyar ...

Cak Nun : Gakpopo terusno titik, rel, terusno gak popo yo

Mirel : Njih terima kasih saya teruskan

Jijit : Nyuwun sewu nyuwun sewu titik, titik ae

Mirel : Boleh...

Jijit : Sampean sudah memperkenalkan juga, cuman iki mau onok beberapa konco-konco gae kaos tulisane kita satu...kita opo kami yo?

Jamaah Maiyah : Kitaa....

Jijit : Kita satu jiwa, lek menurut sampean kita satu jiwa iki opo to sng kudu didadekke satu jiwa? Sampean mau wes ngaku, sampean wes ngaku, aku wes di terimo nang kene...

Cak Nun : Jit jit... koen ojok apen-apen omong karo mak-mek mak-mek ngono iku koen

Jamaah Maiyah : Hahahaha...huuuuuu

Jijit : Mumpung adoh omah ngene iki Cak (semua Jamaah Maiyah dan Mirel tertawa) opo misale apa?

Mirel : Eee, kalo menurut pendapat saya secara pribadi kita satu jiwa, kam satu jiwa eee dari temen-temen biasanya banyak Arema yang mengatakan seperti itu tapi sebenere kalau misale kita pikir-pikir, kita kan kebanyakan mikirnya kita satu jiwa lingkupnya Cuma Arema aja, itu lingkup kecil sebenarnya kalo kita memang mau satu jiwa kita ini Indonesia, kita harus satu jiwa satu Indonesia

Jamaah Maiyah : (tepek tangan)

Cak Nun : Ah, kenyataannya di lapangan yang Malang bilang kita satu jiwa, dan kita gak bisa Indonesia sepertinya di Malang ini susah gitu lho... mosok ambek bonek ae tukaraaan ae

Jamaah Maiyah : Hahaha (Tepuk tangan)

Mirel : Mulai jamanku urung sunat sampek wes mblejor ngene iki sek durung tau anu

Jamaah Maiyah : Hahaha...

Jirjit : Sunat...

Cak Nun : Sek..sek.sek...sek..sek..sek.. jare embak? Lha kok sunat?

Jamaah Maiyah : Hahaha

Mirel : Kan merakwandu mbah...

Jamaah Maiyah : Hahaha

Mirel : Jadi, satu jiwa disini kita masih memahaminya secara sempit, ya jujur aja arek-arek ndek Malang pun sendiri juga...jujur ya,

walaupun kita bisa omong “salam satu jiwa, salam satu jiwa” kalau di rillkan sama-sama warga Malang e, saya warga Malang terus maringono sing normal ambek sing abnormal pun kadang-kadang nggak satu jiwa.

Jijit : Lhooo...

Mirel : Jadi, satu jiwanya arek Malang ini sebenere belum luas sekali, belum dipahamin secara luas gitu (Jamaah Maiyah : (tepuk tangan))

Cak Nun : Okey, ngene rek... mumpung iki aku tak dadi dosen titik yo... jadi anda kalau berindonesia namanya anda harus punya nasionalisme Indonesia ngono yo? Key, nek anda orang daerah namanya primordialisme, nek nasional namanya Nasionalisme, nyuwun sewu yo? Jit..loh tetep dikancani Jit..

Jirjit : Njeeh...njeeh bisa dari sini mbah, tak awasi gakpopo

Jamaah Maiyah : Hahaha

Cak Nun : Key..sek-sek maksudmu nek kon nasionalise Indonesia karo wong Malaysia gak menyatu? Karo wong Korea terus kon musuhan? Jadi in.. yang namanya nasionalisme itu hanya skala kecil dari Internasionalisme kalo lebih luas lagi namanya Humanisme kabeh makhluk e Allah gitu lho... cuman untuk memenej humanisme universal ini ketika kita bikin Negara kita bikin nasionalisme paling gak ndek daerah kene ndek Indonesia iki pokok e koen kudu menyatu jiwa mene kaet onok ujian karo wong Vietnam, karo wong Kamboja, kabeh, wong kabeh makhluk e Allah tetep awakmu kudu satu jiwa, iki karepe Mirel ndek kunu iku... kita masih belajar...wong saiki PKB ngunu ae gak iso karo Gerindra yo ta gak? PKS lho gak iso karo PDIP lak uwes a? masing-masing satu jiwa di primordialitasnya masing-masing nah mulane kudu sabar, mulane aku rene iki aku gak perduli koen PDIP koen Gerindra koen pejabat koen wong cilik kabeh aku gak perduli sing penting koen sinau cek iso satu jiwa, koyok sing diomongno mbak Mirel iki maeng, (Jamaah Maiyah : (tepuk tangan))

Cak Nun : Mbak ta mas?

Jirjit : Gus...Gus Mirel yo?

Jamaah Maiyah : Hahaha

Cak Nun : Key yo kiro-kiro ngono opo meneh onok maneh ta gak sing mok sampekno?

Mirel : Njeeh..

Cak Nun : Ini kritik luar biasa lho untuk Aremania lho ya...

Mirel : Saya kepingin ini warga Malang bener-bener bisa memahamin yang namanya kami atau kita satu jiwa. Awakdewe wes gak usah rek...eee...istilae tukaran-tukaran urusan, oh awakmu ngene, awakmu ngene, awakmu ngene, awakmu ngene, kita satu Indonesia satu naungan dalam Negara Indonesia embob

- wong Jowo, emboh wong duro, embih wong ngene, emboh wong ngono suembarang ini kita satu sebenere
- Jamaah Maiyah : (tebuk tangan)
- Mirel : Ya? Nah beberapa bener kata abah Nun tadi, eee, yang disampaikan Jakarta urusane Jakarta. Di Malang kemaren sempet ada demo dan kemaren kita juga sempet ada kisruh dengan orang Papua. Sebenere awakdewe ndek Malang ada kisruh dengan Papua ini juga mohon maaf, ya mungkin ada yang memprovokasi kita supaya sampek tukaran, sebenere awak e dewe gak perlu yang seperti itu, kita orang Jawa keturunan Jawa ojo sampek ilang Jowone ojo sampek ilang kehilangan saudara satu bangsa itu aja
- Jamaah Maiyah : (tebuk tangan)
- Mirel : Nah oke...apalagi kita Islam disini, kebanyakan orang Islam dan mohon maaf Indonesia ini sedang krisis untuk konflik agama, Islam terutama yang di dalam Islam sendiri ada konflik itu cuman gara-gara kelompok-kelompok tertentu . ya aku gak, saya secara pribadi bukan maido orang yang ahlul hadist, ahlul Qur'an, tidak!!! Ya mungkin beliau belum paham hakekate, belum ngelakoni tareqote, belum ngelakoni syariate
- Jamaah Maiyah : Huuuuu (tebuk tangan)
- Mirel : Hanya itu saja, ya...
- Jijit : Rel..Rel berarti gini, gini Rel menurut saya ketika kamu berapi-api seperti itu, berarti istilah satu jiwa iku mau berarti apa, apa yang mendukung biar bisa menjadi satu jiwa minimal misale anu aku, nek aku conto rasaku yo, berarti untuk satu jiwa ku minimal kudu onok tepo sliro dadi ngeruh siji ambek lan sijine...
- Mirel : Ya...tepo sliro itu harus, kita ini orang Jawa harus tau yang namanya unggah-ungguh dan kebanyakan orang jaman sekarang udah nggak tau unggah-ungguh ya..se..semuanya seperti itu. Orang yang mohon maaf ini yang saya bahas agak luas sedikit ya... untuk yang sekarang yang sekarang lagi mungkin lagi tren dua taun ini mungkin antara ulama ya, antara ulama-ulama anyaran ya
- Jamaah Maiyah : Hahaha
- Mirel : Saya ndak nyebut ya... wes...wes ulama-ulama anyaran kebanyakan memang mohon maaf hatinya membenci sekali padahal diajarkan Islam yang di inti kalo memang kita ada yang mohon maaf kalo kita memang mempelajari tasawuf dengan benar kita akan mengerti hati lho
- Jamaah Maiyah : Wwoohhh (tebuk tangan)
- Mirel : Gitu, nah sementara ini kebanyakan orang kitab suci Al Quran didampingi oleh Hadistnya ini gak boleh dimakan mentah..ya...kitab suci Al Quran dan Hadistnya ini gak boleh

- dimakan mentah. Banyak ayat-ayat yang harus ditafsirkan dan disesuaikan dengan keadaan kita sekarang.
- Jijit : Ya...bener..bener..bener..bener...bener...
- Mirel : Dan kebanyakan ayat-ayat itu dimakan mentah dan dijadikan untuk memusuhi satu sama lain saya sih gak ada masalah ya, karena saya bukan sales agama yang gak ada kepentingan dengan mereka.
- Jamaah Maiyah : Hahahaha (tepek tangan)
- Jijit : Betul..betul..ada yang lain.. maksudku ngene artinya ketika ada...ada salah satunya tepo sliro, mungkin ada yang lain lagi, kaitane satu jiwa iku, karena eee...opo yang kamu terangkan kemaren waktu di Sumberrrr...opo? Brantas... iku sebetule satu jiwa banget artinya ngene ketika awakmu menyayangi dek sagita-sagita anggrek iku, nek awakmu gak nyayangi berarti dia kan juga gak menyayangi kamu, artinya tidak saling mengenal, saling ngerti..oo kae kekurangane iki keluwihane iki, nanti kita saling me..saling mengisi,,hee ngunu to... menurutmu onok liyane gak satu jiwa iku selain tepo sliro?
- Mirel : Kita eee...selama ini kalau untuk...apa... satu jiwa untuk kita semua masyarakat Indonesia, ya lebih baik kita saling menghormati satu sama lain itu saja, kalau tidak benar-benar penting lebih baik kita tidak ikut campur
- Cak Nun : Sek..sek.. koen tak kandani, gusti Allah pancen duwe karep ngono Rel.. arek-arek kabeh, Allah befirman “aku iku jan jane gawe awakmu iku satu jiwa “*Min nafsini wahid*”... ”*wahidah*” ya... semua diciptakan satu jiwa gak mek wong Islam tok kabeh menungso, tapi Allah memang bermaksud nguji awakmu iso ta gak sinau menyatu jiwa, jadi kita sekarang berada di dalam ujian Allah selama kita hidup di dunia, gitu ya... dadi pancen ngunu gitu, jadi ya sekarang kita bisanya satu jiwa baru Arema..yo..gurung iso satu jiwa karo Bonek, gurung iso satu jiwa karo liyan-liyane opo maneh sak Indonesia, apalagi sing mimpin Indonesia gak satu jiwa blas.
- Jamaah Maiyah : Wwuuhhhh... (tepek tangan)
- Cak Nun : Yo...sek tapi ojok muring-muring sek... presiden karo wakil presiden gak satu jiwa, menteri karo menteri liyane gak satu jiwa tapi gak usah ngrasani saya gak mengecam saya cuman mengatakan wes Alhamdulillah isone iki Aremania tok gakpopo wes rel, Alhamdulillah sak Aremania iki onok sing milih Jokowi, onok sing Prabowo gak masalah onok sing NU, Muhammadiyah, onok sing Budha, sing Hindu, Islam gak masalah sing penting satu jiwa selama kita berAremania begitu, ngono rek yo
- Jamaah Maiyah : (tepek tangan)
- Cak Nun : Nomer loro...nomer loro... ki lak ngomong tasawuf..yo to...
- Jamaah Maiyah : Nggeh...

Cak Nun : Yo to...buongko koen yo...

Jamaah Maiyah : Hahahaha

Cak Nun : Arek-arek Maiyah gak tau ngomong tasawuf, koen modyar koen ya, iki aku takon, aku takon rek saiki takon..."*Man arofa nafsahu fakot arofa robbahu*" sopo sing mengenal dirinya maka dia untup-untup iso mulai mengenal Allahnya. Aku takon saiki, saki aku njujuk gusti Allah lanang ta wedok? Opo rek? Gusti Allah lanang ta wedok ?

Jamaah Maiyah : Ora lanang, ora wadon

Cak Nun : Haa, Mirel lanang ta wedok?

Jamaah Maiyah : Hahaha....

Cak Nun : Maksudku ngene, berarti yang paling punya potensi untuk mengenali Allah kan sing meh-meh podo karo gusti Allah... (menunjuk Mirel)

Jamaah Maiyah : Hahaha

Cak Nun : Yo ta gak? Jaremu gusti Allah gak lanang gak wedok? Iki yo ngunu... diarani lanang kok wedok, diarani wedok kok lanang, berarti dia yang paling punya jalan untuk mengenali Allah

Jamaah Maiyah : (tepuk tangan)

Cak Nun : Kita doakan yo ta gak? Ngunu... aku gak jaluk awakmu opo-opo wong koen duduk gaenanku, yo to? Yo duduk ponakanku barang, yo to?

Jamaah Maiyah : Hahaha...

Cak Nun : Pokok e aku dungakno awakmu, suatu hari awakmu, potensimu akeh, koen intelektual, koen cerdas, koen ahli lingkungan hidup, koen macem-macem, potensimu itu dikembangkan sedemikian rupa nanti mari awakmu berjasa karo wong akeh gusti Allah mesti membalasmu dengan petunjuk yang sebaik-baiknya untuk masa tuamu.

Jamaah Maiyah : Aamiin...

Cak Nun : Jelas yo? Nah dadi, sek ngene saiki... siji meneh yo Jit...sing pertama maeng Allah pancen gawe awakmu "*ummatan wahidatan*" tapi di uji supaya kita tauhid kembali yo, nyawiji kembali gitu ya nyawiji bahasa Jawane tauhid bahasa Arab e, terus nomer dua, Allah gak lanang gak wedok yo to? Maka Mirel punya potensi untuk lebih dekat mengenali Allah dibanding aku kelanangen, gusti Allah akeh wedok e lo yoan, potensi wedok Allah opo? "*Bismillahirrohmanirrohim*" penuh kasih sayang, maha pengasih maha penyayang... iku lak potensi wedok, betul ndak? Itu potensi keperempuanan atau feminitas kan gitu, nah nomer telu, kanjeng nabi Muhammad NU ta Muhammadiyah? Kanjeng nabi Muhammad syah ta sunni? HTI ta FPI? Sing ribet iku sopo selama iki? Haa saiki aku takon... Maiyah iki sing jelas NU ta Muhammadiyah ngunu to? Aku i..aku yo ditakok i, Cak Nun NU ta

- Muhammadiyah...akhirnya aku kan sambat karo kanjeng nabi, kanjeng nabi kulo tanglet niki serius niki, “opo Nun?”
- Jamaah Maiyah : Hahaha
- Cak Nun : Kulo teng Indonesia niki iku lho ditagih uwong, “Cak sing jelas sampean niki NU ta Muhammadiyah?” kanjeng nabi terus yak opo jawabane koen eroh... “NU iku opo?” Ngunu e dek e...
- Jamaah Maiyah : Hahaha
- Cak Nun : Hooo tak jelasno panjang lebar, noh, nek sing jenenge meh-meh koyok aku onok Muhammadiyah ditambahi yah yah mau... nah iku siji malih, niku pun lahir 1912 nek NU lahir 14 tahun kemudian 1926 dan seterusnya, tapi apakah aku pernah anti NU? Apakah aku pernah anti Muhammadiyah? Bahkan aku tidak anti apapun, bahkan sama jin aku berbuat baik, aku gak ngenyek jin, aku gak mengutuk jin, nek onok arek kesurupan tau ta aku ngelok-ngelokno jin e? tak undang koen ojok melok arek iki sakno durung rabi durung nyambut gawe, yo... sakno koen melok aku ae, akhirnya melok aku jin e... terus, karo aku tak apakno? Yo golek-golek o mangan dewe kono, ngono aku...
- Jamaah Maiyah : Hahaha
- Cak Nun : Kosku yowes bek, ngono aku to..gitu... ayok kita bermesraan kita satu jiwa semua, ayok berproses terus sinau terus, makanya malam seperti ini sangat bagus supaya kita tidak, anti..anti..anti..anti tok iku wes lah... lek kate anti anti iku yo..yo..
- Jamaah Maiyah : (tepuk tangan)
- Cak Nun : Seett,,ngene, siji meneh Rel... awakmu mangan babi ta gak?
- Mirel : Mboten...
- Cak Nun : Mboten yo..sip yo..hee gak mangan babi ta iki... koen iku benci babi ta gak? (menunjuk ke jamaah Maiyah)
- Jamaah Maiyah : Mboten...
- Cak Nun : Babi untuk kita benci apa untuk kita sayangi?
- Jamaah Maiyah : Sayangi...
- Cak Nun : Cuman nyayangi babi karo nyayangi bojomu ojok di padakno....
- Jamaah Maiyah : Hahaha...
- Cak Nun : Dadi sayang sama sayang ada bedanya, cinta sama ibumu lain dengan cinta sama anakmu, lain cinta dengan tetanggamu, nek biyen nok kalisari saiki onok opo rek? Saik wes gak onok yo pak yo? (bertanya ke bapak-bapak tamu undangan)
- Jamaah Maiyah : Songgoriti...songgoriti..
- Cak Nun : Oo songgoriti yo... aku bahkan, ngene lho... awakmu oleh ta gak rabi karo adikmu wedok? Gak oleh? Terus koen benci ta gak karo adikmu? Awakmu oleh ta gak mangan babi?
- Jamaah Maiyah : Mboten...

Cak Nun : Opo'o kok benci babi? Wong koen gak oleh rabi karo adikmu koen..gak.. gak benci karo adikmu nek babi kok kok benci? Wong-wong saiki lak begitu haram lak benci ngunu a... lho lapo kok benci iku maka kenalilah apa cinta apa benci, belajarlak kepada Mirel ...

Jamaah Maiyah : Wwuuu... (tepuak tangan)

Cak Nun : Ngunu lho yo... ngunu yo.. hee... saiki dadikno komandan ae iki, yok kita latihan... kita latihan ..don..(memanggil ke salah satu personil Kyai Kanjeng) kene ke kanan... (mengatur Jamaah Maiyah) aku jalok jeneng khas Malang..ayo Jit..ayo Jit.. ayo Don jenenge tengah sama kiri...

Doni : Lampu niki nggih pak niki? (bertanya ke bagian lighting seraya menunjuk ke lampu)

Jamaah Maiyah : Suko..suko...

Doni : Nopo? angkat tangan..angkat tangan suko? Suko? Setuju? Yang setuju suko angkat tangan... (bertanya ke Jamaah Maiyah)

Cak Nun : Mek titik

Mirel : Songgoriti reek...

Doni : Apa apa...? Ada usul lain?

Jamaah Maiyah : (suara teriak tidak jelas)

Cak Nun : Don, kalau sulit, kalau sulit random dengan rakyat... ya... minta tolong kepada pemimpinnya pak Bupati sampean sing ngekek i jeneng... sing kelompok kanan pak Bupati..sak karep sampean...

Doni : Nopo pak Bupati?

Cak Nun : Sing unsur Malang...

Doni : Sama kelompoknya...

Jamaah Maiyah : Kirun..kirun..

Bupati Malang : Hee (tertawa) ojok kirun rek... sing lanang Arema ae... yang lanang Arema..yang sana... ya Arema ...

Doni : Arema... yang setuju Arema angkat tangan?

Cak Nun : Sek..sek..aku.. aku..aku mempertimbangkan sek, nek kanan Arema, lak sakno kene duduk Arema,...(pak Bupati berbisik-bisik) oiyoo...jare pak Bupati iki Arema kene Maiyah... yo... kene Maiyah... iki mek jeneng sementara rek... duduk jenengmu temenan..terus sitok meneh opo? Sitok meneh..oo loro meneh.. oo kiwo tetep songgoriti? Yowis gakpopo ..mburi..mburi..mburi..Don belakang Don?

Doni : Yak berarti dari satu jiwa dari...dari..opo kae jenenge yo.. nah dari rejeng itu kesana... kebelakang satu jiwa nggeh? Saya meyapa yang satu jiwa dulu... halo satu jiwa? Sampek belakang.... Salam satu jiwaaaa...

Jamaah Maiyah : Arema...

Doni : Biar kelihatan flashlightnya boleh..flashlight....ya..satu jiwa... lampune lampu hape...

Cak nun : Oncore rek..oncor milenial ...

Doni : Naah..semuanya...semuanya satu semuanya... semuanya... semuanya... semuanya... semuanya.. yak sekarang coba turun dulu begitu nanti saya satu jiwa... kalian angkat flashlighnya ...satu jiwaaaa... huuu siippp, Arema... Maiyah...Songgoriti ..

Mirel : Hidup Songgoriti reek....

Doni : Mbak Mirel

Mrel : Dalem...

Doni : Sampean nganu... memimpin Songgoriti?

Mirel : Tak pimpin reek...

Jijit : Biar komandane klepon... songgoriti...

Jamaah Maiyah : Hahaha

Jijit : Yang tengah sini semuanya, Maiyaahhh...

Jamaah Maiyah : Wwuuuhhhhhh....

Jijit : Kurang semangat deg....Maiyaahhh...

Jamaah Maiyah : Hoooeeee....

Jijit : Lumayan....

Mirel : Reek, Songgoriti endi reek....

Jamaah Maiyah : Hooeee

Mirel : Sing buri kurang ndek tebu-tebuan kurang reek... Songgoriti...

Jamaah Maiyah : Hahahaha....

Jirjit : Weruh ae koen (menunjuk ke Mirel)

Mirel : Onok sing mbeber kloso ta ndek tebu-tebuan iko rekkk...

Jamaah Maiyah : Hahahaa...

Mirel : Engko koyok ndek kuburan winginane... hehehe

Don : Pengalaman pribadi ketok e....

Jijit : Gakpopo, anu..tempat..tempat kongkow...

Mirel : Hahaha...

Jijit : Ayo don...

Doni : Yaa... oke ini tadi kan simbah sudah...sudah menjelaskan yang apa “*Rabbinas*” “*Malikinnas*” “*Illahinnas*” ya..berarti kelompok Arema tugasnya adalah “*La illa rabba ilallah*” nggih... “*La illa rabba ilallah*” tiga kali... sek tak itunge... tuk..wak..tuk..wak..gak...pat...

Jamaah Maiyah : “*La illa rabba ilallah*” “*La illa rabba ilallah*” “*La illa rabba ilallah*”

Doni : Oke... sekalian... sekarang pake gerakan, ada usul gerakannya? Ngene lho...koyok mencet-mencet opo... (ketika Doni meminta usul gerakan kepada Jamaah Maiyah, ada salah satu Jamaah Maiyah yang memberi contoh yang lucu)

Jamaah Maiyah : Hahaha

Doni : Ada usul..ada usul? Oo itu mbak Mirel... jangan... mbak Mirel masak gini gerakannya...

Mirel : Lho ojok rek iku gerakna menunjukan ..eee...aeemmm

Jamaah Maiyah : Hahahaha

Doni : Kalau boleh saya usul nggeh... eee robbun itu kan mengasuh nggeh, sifatnya nggeh... ngenten nggeh.. nggendong nggeh... “*La illa rabba ilallah*” “*La illa rabba ilallah*” dua-duanya tangannya diangkat paham? Saget mencoba? Oke coba nggeh... tok..tiga kali...tok..wak..tok..wak..gak..pat.. “*La illa rabba ilallah*” “*La illa rabba ilallah*” “*La illa rabba ilallah*” sip...

Doni : Hahaha...

Jijit : Wes don?

Doni : Uwes...

Jijit : Oke... setelah robbun...kemudian illa malikun..kepenguasaan wi rodok tess, rasah ngarani we melu bolone kono..

Jamaah Maiyah : Hahaha...

Mirel : Lho engko aku sing bagian opo rek...

